

**AFIDAVI  
MILITÈ**

(ANBA 50 U.S.C. § 3931)

NIMEWO DOSYE

**Tribinal  
Massachusetts**



NON KA

v.

DEPATMAN TRIBINAL (chwazi yon sèl tribunal.)

- Tribunal Minisipal Boston     Tribunal Distri     Tribunal Lojman     Tribunal Jivenil     Tribunal Pwopriyete  
 Tribunal Siksesyon & Fanmi     Tribunal Siperyè

DIVIZYON TRIBINAL OSWA KONTE

Dapre Lwa Soulajman Sivil pou Manm Sèvis yo, (Servicemembers Civil Relief Act), 50 U.S.C. § 3931, Mwen, (Mete Non), \_\_\_\_\_ te siyen anba a pou afime, dapre sa mwen konnen, deklarasyon sa yo se verite:

1. Apati \_\_\_\_\_ (Mete **Mwa/Jou/Ane**):

A.  Pati ki annapre a (yo) nan **sèvis militè** jan yo defini nan Lwa Soulajman Sivil pou Manm Sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act).

---

---

B.  Pati ki annapre a (yo) **PA nan sèvis militè** jan yo defini nan Lwa Soulajman Sivil pou Manm Sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act).

---

---

C.  Pati ki annapre a (yo) te **fè sèvis militè** jan yo defini nan Lwa Soulajman Sivil pou Manm Sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act). (Epitou, endike **dat egzat** pati a (yo) **fin fè sèvis militè**.)

---

---

D.  Mwen **pa kapab detèmine** si pati ki annapre a (yo) nan sèvis militè jan yo defini nan Lwa Soulajman Sivil pou Manm Sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act). Kòm yon rezulta, anba 50 U.S.C. § 3931(b)(3), mwen konprann ke tribinal la, anvan li pran yon jijman, ka mande pou mwen ranpli yon kosyon.

---

---

2. Ou **oblige** bay enfòmasyon ki sipòte afidavi sa a. Ou **dwe** ranpli seksyon sa a epi tcheke chwa "A" oswa "B."

A.  Mwen te itilize Sitwèb Lwa Soulajman Sivil pou Manm Sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act) (<https://scra.dmdc.osd.mil/>) pou detèmine estati militè pati (yo) ki nan lis afidavi sa a. (Ou **oblige** bay rezulta rechèch ou yo.)

Mwen enkli rezulta rechèch mwen fè nan sitwèb Lwa Soulajman Sivil Manm Sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act Website are attached) yo (Obligatwa.) Enfòmasyon adisyonèl (Opsyonèl si rezulta rechèch yo enkli): \_\_\_\_\_

C.  Mwen PAT itilize Sitwèb Lwa Soulajman Sivil Manm Sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act Website) (<https://scra.dmdc.osd.mil/>) pou detèmine estati militè pati (yo) ki nan lis afidavi sa a. Sepandan, reyalite sa yo sipòte deklarasyon mwen pi wo a sou sitiyasyon militè pati (yo). (Ou **oblige** bay enfòmasyon anba a. Tanpri presize.)  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Nòt:** Tèm "sèvis militè" a gen ladan sa ki annapre yo: sèvis aktif kòm yon manm Lame Etazini, Marin, Air Force, Marine Corps, oswa Gad Kòt; sèvis kòm yon manm Gad Nasyonal anba yon apèl nan sèvis aktif Prezidan an oswa Sekretè Defans la otorize pou yon peryòd de plis pase 30 jou youn apre lòt pou rezon pou reponn a yon ijans nasional; sèvis aktif kòm yon ofisyè komisyone nan Sèvis Sante Piblik la oswa nan Administrasyon Nasyonal Oseyan ak Atmosfè; ak nenpòt peryòd sèvis pandan ke yon manm sèvis absan nan devwa akòz maladi, blesi, konje, oswa lòt kòz legal. 50 U.S.C. § 3911(2). Yon sitwayen ameriken k ap sèvi ak fòs yon nasyon ki alye Etazini nan yon lagè oswa nan yon aksyon militè kapab tou gen dwa pou jwenn sekou dapre Lwa sou Sekou Sivil pou manm sèvis yo si sèvis sa a sanble ak definisyon "sèvis militè". diskite pi wo a. Gade 50 U.S.C. § 3914.

**Abòne ak sètifye oswa deklare se laverite anba penalite pou fo temwayaj.**

SIYATI	DATE
ENPRIME NON W, ADRÈS, NIMEWO TELEFON, AK ADRÈS IMÈL OU BYEN KLÈ	NIMEWO BBO (POU AVOKA YO)



# Tribinal Premye Enstans Massachusetts

## Enstriksyon pou Afidavi Militè (Anba 50 U.S.C. § 3931)

Lwa sou Sekou Sivil pou manm sèvis yo (Servicemembers Civil Relief Act (SCRA), 50 U.S.C. §§ 3901-4043, se yon lwa federal ki bay yon seri avantaj ak pwoteksyon pou moun k ap sèvi nan militè a ak depandan yo. Manm sèvis yo enkli manm Lame Ameriken an, Marin, Fòs Ayeryen, Kò Marin, oswa Gad Kot, ak ofisyè komisyone nan Sèvis Sante Piblik ak Administrasyon Nasyonal Oseyan ak Atmosfè, pandan y ap nan sèvis militè aktif nan peyi yo epi pou jiska yon ane. apre sèvis aktif, osi byen ke manm Gad Nasional la nan sèten devwa, ak sitwayen ameriken k ap sèvi ak sèten fòs militè alye yo.

**Afidavi Militè** Tribunal Massachusetts (**Anba 50 U.S.C. § 3931**) se yon fòm ofisyèl ki itilize pou endike estati militè pati (yo) nan yon ka. Yo ka itilize fòm sa a nan **tout kalite ka** kote depoze yon **Afidavi Militè** apwopriye. Fòm afidavi militè a se yon PDF ki ka ranpli epi li konfòm ak tou de 50 U.S.C. § 3931(b) ak Mass. R. Civ. P. 55(b)(4).

Pa egzanp, anba Mass R. Civ. P. 55(b)(4), yon Afidavi Militè obligatwa anvan yon tribunal bay yon jijman pa defo. Yon jijman pa defo se yon jijman an favè pati a oswa "pleyan" chache jistics lajistics yon "akize" pou "li pa plede oswa otremans defann" yon aksyon tribunal. Gade Mass R. Civ. P. 55(b)(4) ("[N]okenn jijman pa defo pa dwe antre jiskaske yo depoze yon deklarasyon sou sèman... ki bay enfòmasyon ki montre si akize a nan sèvis militè oswa non. . .").

Tanpri tape repons ou yo nan fòm Afidavi Militè a oswa itilize lank ble oswa epi ekri byen klè.

1. Ekri oswa tape "Nimewo Dosye" konplè ka w la, si w konnen l.
2. Ekri oswa tape "Nimewo Ka" nan fòm nan epi mete pati yo nan ka a: plenyan (yo), defandan (yo), epi si li aplikab, nenpòt pati (yo) ki enterese oswa respondè (yo).
3. Tcheke "Departman Tribunal" kote yo depoze ka w la.
4. Ekri oswa tape "Divizyon Tribunal oswa Konte" ki apwopriye kote dosye w la ye (pa egzanp, Brighton Division, Tribunal Distri Attleboro, Barnstable Probate and Family Court, oswa Konte Barnstable).
5. Ou oblige ranpli pati prensipal afidavi a. Ekri oswa tape non konplè w. Ekri oswa tape dat jodi a oswa dat ou te fè rechèch ou pou estati militè pati a (yo).

6. Ekri oswa tape enfòmasyon sou estati militè pati a (yo). Anba Atik 1, tcheke Atik A, B, C, oswa D, jan sa apwopriye, epi ranpli enfòmasyon yo mande yo sou fòm nan pou chak chwa. Tanpri sonje ke si ou tcheke atik D, anba 50 U.S.C. § 3931(b)(3), anvan ou antre nan yon jijman, tribunal la ka mande w pou w ranpli yon kosyon paske ou te endike ou pa kapab detèmine estati sèvis militè pati a (yo).

7. Ou **oblige** bay enfòmasyon ki sipòte Afidavi Militè a. Anba atik 2, ou **dwe** ranpli seksyon sa a nan fòm nan epi tcheke chwa A oswa B.

**Konsènan Chwa A:** Ou ka itilize Sitwèb Lwa sou Sekou Sivil Sèvis Manm yo (<https://scra.dmdc.osd.mil/>) pou detèmine estati militè pati ou te site yo.  
Fè yon rechèch sou entènèt atravè sitwèb SCRA a se metòd ki pi fasil pou detèmine estati militè pati a (yo). Si w te itilize sitwèb SCRA a, ou **oblige** bay tribunal la yon kopi rezulta rechèch ou a (anjeneral, yon sètifikasi ki soti nan sitwèb SCRA).  
Ou dwe enkli yon kopi rezulta rechèch sa yo nan Afidavi Militè w la. Ou ka mete lòt enfòmasyon lè ou bay yon kopi rezulta rechèch ou a.

**Konsènan Chwa B:** Si ou pa t sèvi ak sitwèb SCRA a pou detèmine sitiayson militè pati ou te site yo, ou dwe bay enfòmasyon espesifik ki sipòte deklarasyon ou konsènan estati militè pati a (yo). Pa egzanp, ou ka mete enfòmasyon ou konnen atravè kontak ou oswa komunikasyon ak pati a (yo). Ou ka ekri tou nan katye jeneral sèvis militè ki apwopriye a, ki nan lis (<http://www.defense.gov/Sites>), pou detèmine sitiayson militè pati yo. Tanpri enkli nenpòt korespondans alekri ou resevwa nan men militè a pou sipòte deklarasyon ou a.

8. Anba "Siyati" ak "Date", siyen epi mete fòm nan. Ou ka siyen fòmilè afidavi militè a elektwonikman. Asire w ou byen ekri oswa tape non w, adrès, nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou anba siyati w. Avoka Massachusetts yo obligé bay nimewo Konsèy Siveyan Baro yo (BBO) yo. Avoka ki gen lisans nan lòt jiridiksyon yo dwe bay Nimewo Bar Eta yo.